



KIYÈS TOUT MOUN YE?

Nan tribinal fanmi (Family Court) oswa Tribinal pou
timoun ki viktim abi oswa neglijans (Dependency Court).

Gen anpil moun k ap eseye konprann sa k te pase a ak kòman pou ede w ak fanmi w epi yo vle asire yo ou an sekirite.

Men kèk nan moun ou ka wè ak travay yo fè.



Sèvis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Services, CPS)

Travay Sèvis Pwoteksyon Timoun yo se pou asire yo timoun yo an sekirite. Si yo panse yon moun ap maltrete yon timoun oswa li pa pran swen l, yo fè yon ankèt, oswa yo eseye konprann sa k te pase a, epi yo eseye jwenn yon fason pou asire yo timoun nan an sekirite. Yo ka poze w kesyon pou ede yo konprann sa k te pase a.

Avoka pou sèvis pwoteksyon timoun

Avoka sa yo travay pou Sèvis Pwoteksyon timoun epi yo pral pale nan tribinal la sou sa yo te aprann.

Moun k ap reponn kesyon yo (defandan)

Lè sèvis pwoteksyon timoun rele yon moun nan tribinal pou fanmi oswa timoun ki viktim abi oswa neglijans se paske yo panse moun nan ap maltrete oswa pa pran swen yon timoun, moun sa a rele “moun k ap reponn kesyon.”

Kiyès ki defandan nan dosye ou a?

Lapolis

Travay yon ofisye lapolis se pou li eseye kenbe moun yo an sekirite ak asire l yo respekte lalwa. Yo fè ankèt sou krim yo epi yo ka poze w kesyon pou w ede yo konprann sa k te pase a.

Gen kèk ofisye lapolis ki mete inifòm men gen lòt ki mete rad nòmal.



Ap gen youn (1) oswa plizyè adilt pou ede w nan tribinal la. Selon kote w ap viv la, ou ka gen yon avoka pou timoun, yon responsab legal tribinal la deziyen, ak yon avoka espesyal tribinal la nome.



Avoka pou timoun (Attorney For Child, AFC)

Travay avoka pou timoun oswa AFC se ede w rakonte vèsyon pa w sou sa k te pase a, ak sa ou menm ak fanmi w vle ak bezwen.

Gen kèk kote, yo kapab rele Avoka pou timoun nan Responsab legal tribinal la deziyen oswa GAL, oswa avoka espesyal tribinal la nome (Court-Appointed Special Advocate, CASA).



Responsab legal tribinal la deziyen (Guardian Ad Litem, GAL)

Travay responsab legal tribinal la deziyen an se pou ede w (se pa pou ede fanmi w oswa lòt moun ki enplike nan dosye a). Yo pran tout enfòmasyon yo kapab sou kòman w ye epi yo chèche konprann, dapre yo menm, sa ki kapab ede w pi plis (li gen ladan kote ou ta dwe viv) epi yo di l nan tribinal la. Ou ka pa toujou dakò avèk yo.



Avoka espesyal tribinal la asiyen (Court-Appointed Special Advocate, CASA)

Travay avoka espesyal tribinal la nome (COURT-APPOINTED SPECIAL ADVOCATE, CASA) se pou l eseye ede w jwenn sa w bezwen nan tribinal la.



Travayè Sèvis Sosyal yo

Travayè Sèvis Sosyal yo la pou ede w ak fanmi w. Yo pral eseye asire yo ou jwenn tout sa w bezwen lè w pa nan tribinal la, epi yo kapab ede w defann enterè ou yo lè w nan reyinyon avèk fanmi w. Ou kapab pale avèk yo konsènan nenpòt enkyetid ou genyen, oswa poze yo nenpòt kesyon ou genyen.



Defansè Dwa Viktim lan oswa fanmi an

Defansè Dwa Viktim (Advocate) lan oswa fanmi an se pou l ede w jwenn èd ou bezwen pandan ankèt la ak nan tribinal la. Yo kapab ede w konprann sa k ap pase a. Ou kapab poze yo kesyon, epi yo ka ale nan tribinal la avèk ou.



Jij

Jij la se moun ki responsab sal lodyans lan, se li ki asire ke tout moun suiv règ yo. Travay yo se pou yo pran desizyon konsènan dosye a. Gen kèk kote, yo rele l yon abit oswa yon majistra.



Avoka oswa Avoka yo dezinye


Moun sa a se yon avoka ki la pou ede adilt yo rele moun k ap reponn kesyon an (defandan) di jij la sa l konnen nan sa k te pase a, epi mande sa l vle oswa bezwen.



Avoka tribinal la

Avoka nan tribinal la se yon avoka ki ede jij la. Ou ka wè yo nan sal lodyans lan.

Yo ka rankontre avèk lòt avoka yo ak moun ki enplike nan dosye a pou eseye ede tout moun dakò avèk yon plan pou ede fanmi ou a.



Asistan jidisyè chita touprè jij la oswa majistra a nan tribinal la epi li ede yo

Asistan jidisyè a chita touprè jij la oswa majistra a nan tribinal la epi li ede yo.



Ofisye Lajistis

Ofisye lajistis la eseye asire l tout moun nan tribinal la an sekirite. Yo rele tout moun nan sal lodyans lan lè jij la pare. Yo mete inifòm epi yo ka pote zam.



Grefye

Travay grefye a se pou li ekri tout sa moun yo ap di nan sal lodyans lan.



Entèprèt

Travay entèprèt la se pou l ede tout moun ki pa pale anglè trè byen, ki soud oswa ki gen difikilte pou tande konprann sa lòt moun yo ap di nan tribinal la.




Ou menm



Ou se yon temwen, epi ou ka yon viktim tou.
Istwa w la se yon (1) pyès nan jwèt puzzle la.
Travay ou se pou w reponn kesyon ak di adilt yo
sa w konnen ak sa w sonje sou sa k te pase a.

Se yon Sal lodyans.

Pifò moun yo site nan liv sa a travay nan tribinal la.

Ki kote w panse tout moun yo ale? Mande youn (1)
nan moun k ap travay sou dosye ou a pou l montre w.





FÈ FAS AVÈK TRIBINAL LA

Ale nan tribinal kapab estresan, men gen kèk bagay ou kapab fè soulaje w. Konsèy sa yo sòti nan men lòt timoun, yo te di ki bagay ki te ede yo plis.

Prepare w.

- Nan lanwit lavèy jou an eseye byen dòmi.
- Manje yon bagay anvan w ale nan tribinal la. L ap ede w santi w pi byen ak jwenn enèji pou pase jounen an.
- Ou pa gen pou w mete gwo abiman, men mete yon bagay ki fè w byen si w kapab. Yon bagay ki fè w santi w byen epi ki ede w gen konfyans nan tèt ou.
- Gen anpil chans pou w rete tann anpil, poutèt sa pote yon bagay pou w li, jwe, oswa pou w fè pandan w ap tann. Gen kèk timoun ki tande mizik, li, desine, ekri nan yon jounal oswa yo fè devwa yo.
- Si w gen yon bagay espesyal ki ede w santi w kalm, vini avè l. Gen kèk timoun ki renmen bagay tankou yon boul pou ede w lè estrese yo kapab peze, men gen lòt moun ki renmen bagay ki pi pèsònèl tankou yon bagay ki bay chans.

Lè w estrese

Si w santi w estrese, eseye youn (1) nan bagay sa yo:

- Eseye desine kòman ou ta vle jounen an pase, ak kòman w ap reyaji si gen diferan bagay ki pase. Li ka parèt san sans, men imajine kòman bagay yo pral pase kapab ede w santi w kalm.
- Eseye rale souf ou ak lage souf ou byen fò nan vant ou pandan plizyè fwa. Sa vrèman ede!

- Kontrakte misk yo epi relache yo. Fè sa a plizyè fwa.
 - Si w kapab, fè yon ti mache oswa souke kò w pou w evakye kèk enèji anplis. Ou kapab eseye mache byen vit pandan kèk segond, aprèsa pran yon gwo souf epi mache trè dousman pandan kèk segond, aprèsa ale vit aprè ale dousman, rapid aprèsa dousman kèk fwa ankò.
 - Si w gen yon priyè oswa yon chante espesyal ki enpòtan pou ou, eseye di l oswa chante l, swa byen fò, oswa nan kè ou.
-

Jwenn sipò

- Panse ak yon moun ou kapab pale avè l sou sa w santi a epi ki kapab ede w nan tribinal la.
 - Èske gen yon defansè dwa, zanmi, oswa yon manm fanmi ki kapab vini nan tribinal la? Si w gen moun avè w, ou kapab gade yo lè ou santi w estrese.
 - Si w gen yon terapis oswa yon lòt granmoun ou kapab pale, pale avè yo anvan ak aprè w soti nan tribinal la.
-

Travèse move moman an.

- Li kapab bon pou w fè yon bagay ki fè w plezi lè li fini, tankou gade yon fim ou renmen, yon manje ou renmen, oswa annik pase tan avèk yon zanmi. Panse ak yon bagay w ap tann ak enpasyans.

KONNEN DWA OU YO.

Si fanmi w fè pati yon dosye ki nan tribinal pou fanmi oswa moun ki responsab, ou gen dwa. Pa pè mande yo.

Ou gen dwa pou...

1. ...ale nan tribinal epi fè tande vwa w!

Yo dwe toujou tande w lè w ap pale avèk jij, avoka, ak polis yo.

2. ...yo trete w avèk respè.

3. ...yon defansè dwa ki pou ede w konprann sa k ap pase a.

Sa vle di ou gen dwa pou w poze valè kesyon ou vle!

4. ...viv yon kote ou santi w an sekirite.

Sa vle di ou gen ase manje, ou ale lekòl, epi ou wè yon doktè oswa yon konseye lè w bezwen.

5. ...rete avèk pwòp fanmi w, sof si gen yon ijans oswa jij la panse gen yon danje pou ou nan kay la.

6. ...konprann sa moun ki nan dosye ou a ap di ak fè.

Si pou nenpòt ki rezon ou pa konprann sa k ap pase a mande defansè dwa ou a!

Si w vle pale nan yon lang diferan, di defansè dwa ou a sa. Yo kapab jwenn yon moun ki pou tradui pou ou.

Si w gen yon andikap, oswa w gen yon bagay ki fè li difisil pou konprann sa k ap pase a, di defansè dwa ou sa tousuit!

Gen plizyè fason ou kapab jwenn èd. Gade nan seksyon sou andikap ki nan pwochen paj la.

- 7. ...ede paran oswa responsab legal ou a konsa yo kapab fè kay ou a gen plis sekirite pou ou. Poze defansè dwa ou a kesyon sou sa.**

Si ou nan fwaye dakèy (foster care), ou gen dwa pou...

- 1. ...rete yon kote ki pi prè kominote ou a ke posib.**

Tribinal la rele sa “plasman nan fwaye dakèy ki mwen limite.” Gen plizyè opsyon diferan tankou yon fwaye dakèy (foster care), yon fwaye an gwoup (group home), oswa yon sant rezidansyèl (Residential Center). Pale avèk defansè dwa ou a pou li jwenn sa k pi bon pou ou a.

Ou kapab toujou mande avoka ou a sa w vle a.

Li ka pa kapab ba ou egzakteman sa w bezwen an, men yo kapab ede w.

- 2. ...vizit avèk frè, sè, ak lòt manm fanmi.**

- 3. ...gen yon plan ki di kisa fanmi ak lòt moun k ap ede w yo dwe fè. Premye objektif la se pou w retounen ansanm avèk fanmi w. Si sa pa kapab rive, yo fè yon “plan definitif” pou yo jwenn yon lòt kote sekirite pou w viv nan yon “fwaye definitif.”**

Si w satisfè avèk plasman nan fwaye dakèy ou a epi ou pa vle kite l, asire w ou di defansè dwa ou a sa.

Selon kote w ap viv la, ou kapab menm gen plis dwa. Si w gen kesyon, oswa si dwa w yo pa respekte, pale tousuit avèk defansè dwa ou a, pwokirè, oswa youn (1) nan lòt adilt k ap travay sou dosye ou a.

Si w gen yon andikap...

Ou TOUJOU gen dwa pou w konprann sa k ap pase avèk dosye ou a epi konnen kisa moun k ap travay sou dosye a ap di ak fè. Ou gen dwa pou w eksprime sa k te pase a ak kòman ou santi w tou. Sa vle di ou kapab jwenn sipò konsa moun yo kapab konprann ou.

Ou dwe toujou kapab ale nan tribinal la (ak nan alantou yo) oswa nenpòt lòt kote ou dwe ale pou yon reyinyon.

Enfòme moun k ap travay sou dosye ou a – tankou defansè dwa ou a, travayè sèvis sosyal ak avoka yo – mete yo okouran sou andikap ou a epi poukisa ou bezwen èd tousuit. Ou ka mande èd nan chak reyinyon ak chak fwa ou ale nan tribinal, poutèt sa pa pè kontinye mande èd!

Ou kapab mande èd pou w reponn ak bezwen w yo. Se sa yo rele “aranjman rezonab,” epi ou gen dwa sa a selon lalwa. Egzanp yo gen ladan yo (men yo pa limite ak):

- Yon entèprèt nan lang siy pou lang siy ki pa ameriken, mande pou yon entèprèt sètifye pou moun soud, (Certified Deaf Interpreter oswa CDI pou pi kout)
- Yon entèprèt ki kapab tape sa lòt moun yo ap di yo rele li Aksè ak kominikasyon nan tan reyèl (Communication Access Real Time, oswa sèvis CART.)
- Yon transliteratè pou asire w moun ki nan alantou w konprann sa w gen pou di yo.
- Diferan kalte èd tankou videyo avèk soutit, ak aparèy ki pou ede w wè oswa tande
- Aksè ak yon chèz woulant, oswa aksesibilite pou nenpòt kalte andikap fizik.

Gen anpil aranjman ou kapab jwenn ki pa sou lis sa a! Pale avèk defansè dwa ou a pou jwenn sa k bon pou ou a. Epi pa pè mande.

Si paran w oswa responsab legal ou a gen yon andikap, yo gen dwa pou mande yon aranjman rezonab tou!

Si w vle, ou kapab ekri non moun k ap travay avèk ou yo la.

Travayè nan Sèvis Pwoteksyon Timoun:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Avoka nan Sèvis Pwoteksyon Timoun:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Avoka pou timoun/Responsab legal tribinal la deziyen/avoka espesyal tribinal la nome:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Defansè Dwa Fanmi an oswa viktim lan:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Travayè Sèvis Sosyal/Terapis:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Jij:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Lòt:

Non:

Enfòmasyon Kontak:

Pwojè ki rele Materyèl pou Timoun ki Temwen nan Sant pou Inovasyon nan Tribinal (Center for Court Innovation's Child Witness Materials) se yon kolaborasyon ant Sant pou Inovasyon nan Tribinal ak Sant pou Pedagoji Iben (Center for Urban Pedagogy), epi se akò pou kowoperasyon #2016-VF-GX-K011, Etazini akòde k ap sipòte l. Depatman Jistis, Biwo pou pwogram Jistis, Biwo pou viktim krim. Opinyon, rezilta, ak konklizyon oswa rekòmandasyon ki eksprime nan dokiman sa a sòti nan kontribitè sa yo epi li pa nesesèman reprezante pozisyon ofisyèl oswa politik Etazini. Depatman Jistis.

Sant pou Inovasyon Jidisyè (Center for Court Innovation) travay pou kreyasyon yon sistèm jidisyè pi efikas ak imen pandan l ap fè rechèch orijinal ak ede lanse refòm toupatou nan mond la.

www.courtinnovation.org

Sant pou Pedagoji Iben se yon òganizasyon san bi likratif ki itilize pouvwa desen ak zèv da pou ogmante yon angajman sivik ki enpòtan, nan patenarya avèk kominote ki istorikman majinalize.

www.welcometoCUP.org

Ilistrasyon: Ryan Hartley-Smith

Desen: Anabelle Pang

Sant poun Inovasyon nan Tribinal la rekonesan pou moun ki patnè pwojè a ak pati ki enterese yo; ak timoun, responsab swen, ak moun ki ap patisipe nan sistèm jistis toupatou nan peyi a ki kontribiye nan devlopman pwodui sa a.

NCJ 300648

Biwo pou viktim kriminalite angaje l pou li ranfòse kapasite nasyon an pou ede viktim krim yo ak bay yon lidèchip nan chanjman atitud, politik, ak pratik yo pou li fè pwomosyon jistis ak gerizon pou tout viktim krim yo.

www.ovc.ojp.gov

Biwo pou Pwogram Jistis la se yon ajans federal ki bay lidèchip federal, sibvansyon, fòmasyon, asistans teknik, ak lòt resous pou ogmante kapasite nasyon an pou prevwa ak redui krim, asiste viktim yo, epi amelyore eta de dwa pandan l ap ranfòse sistèm jistis penal ak pou jenn yo. Sis (6) biwo ki nan pwogram la—Biwo pou Asistans Jidisyè, Biwo pou Estatistik Jidisyè, Enstiti Nasyonal pou Jistis, Biwo pou Viktim Krim, Biwo Jistis pou Jenn ak Prevansyon Delenkans, ak Biwo ki la pou Detèmine Santans Delenkan Seksyèl yo, siveye, arete, anrejistre ak suiv yo—sipòte efò k ap fèt pou goumen kont kriminalite nan nivo lokal ak nan Eta a, finanse milye pwogram sèvis pou viktim, ede kominote yo jere delenkan seksyèl, reponn ak bezwen jenn yo nan sistèm la ak timoun ki an danje yo, ak bay done ak rechèch ki vital.



Office for Victims of Crime
OVC

Men moun ki nan sal lodyans lan.



Sèvis Pwoteksyon Timoun
(CPS)



Avoka pou sèvis
pwoteksyon timoun



Moun k ap reponn
kesyon yo (defandan)



Avoka pou timoun
(Attorney for Child,
AFC)




Responsab legal tribinal
la dezinye (Ad Litem)
(Guardian Ad Litem,
GAL)



Avoka espesyal tribinal la
asiyen (Court-Appointed
Special Advocate, CASA)



Travayè sèvis sosyal



Defansè dwa viktim lan oswa
dwa fanmi an

Ou kapab mete foto pou kole sa yo sou desen sal lodyans lan ki nan paj 12 jiska 13.




Jij



Avoka oswa Avoka yo dezinye



Avoka tribinal la



Asistan jidisyè



Ofisye Lajistis



Grefye



Entèprèt

